

Transfè Elektwonik Avantaj (EBT)**Kijan pou itilize Kat Avantaj ou a pou jwenn Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP) ak/oswa Avantaj Lajan Kach****KAT AVANTAJ OU**

- Kenbe kat ou a nan pochèt li ak nan yon kote ki an sekirite lè w p ap sèvi ak li.
- Siyen do kat ou a.
- Pa ekri sou oswa grate bann nwa ki sou do kat ou a.
- Pa mete kat ou toupre leman.
- Vewouye kat ou a ant acha ou yo pou w ka redui risk pou yo ta vòlè avantaj ou. Ale sou www.ebtEdge.com pou w kreye yon kont ak jere kat ou.
- Si kat ou a andomaje oswa pliye, l ap bezwen ranplase.
- Si kat ou a pèdi, yo vòlè l oswa li andomaje, ou dwe rele tou dabò Sèvis Kliyan EBT nan **1-888-328-6399**.
- Mak The Quest® la afiche sou do kat ou a.

PIN OU—KENBE PIN OU AN SEKRÈ**NOUVO ENFÒMASYON POU NIMEWO IDANTIFIKASYON PÈSONÈL (PIN)**

Yo pral voye nimewo PIN yo pa lapòs sèlman pou moun ki gen kat EBT ki pa gen nimewo sekirite sosyal valid oswa si travayè sosyal sou dosye w la detèmine ou dwe resevwa yon nimewo PIN pa lapòs. Si w pa resevwa yon PIN pa lapòs, ou ka chwazi yon PIN nan telefòn lè w rele nimewo gratis sa a: 1-888-328-6399. Tanpri prepare pou w bay enfòmasyon sekirite ki nesesè pou konplete pwosesis sa a.

PIN lan vle di Nimewo idantifikasyon pèsònèl.

- PIN is ou an se siyati elektwonik ou. Li gen kat (4) chif ladan.
- Kat avantaj ou a p ap travay san PIN ou.
- Si w bliye PIN ou oswa ou vle chanje PIN ou nenpòt lè, rele **1-888-328-6399**. Yo pral mande w pou bay kèk enfòmasyon pou rezon sekirite. Ou ka chanje PIN ou tou nan piò Biwo Sèvis Sosyal, Sant Travay ak Sant SNAP.
- Si w ekri PIN ou yon fason ki pa kòrèk kat fwa youn dèyè lòt, kont ou ap bloke jiska jou annapre a menm si w chwazi yon nouvo PIN.
- Pa janm ekri PIN ou sou kat ou oswa sou pochèt kat la.
- Pa janm kite pèsonn, menm yon kesye magazen, wè ou antre PIN ou nan yon aparèy.
- Pa janm bay pèsonn PIN ou. Si yon moun gen kat ou oswa nimewo kat ou epi li konnen PIN ou, tout avantaj ou yo ka itilize.
- Si yon lòt moun sèvi ak kat ou oswa nimewo kat ak PIN ou, AVANTAJ OU YO P AP RANPLASE.
- Si w bezwen yon manm fammi an gen aksè nan avantaj EBT ou yo, kontakte ajans lokal ou a pou w nonmen yon Reprezantan Otorize nan dosye w la. Y ap bay yon kat EBT apa pou w pataje avèk Reprezantan Otorize ou te chwazi a.

KIJAN POU OU ITILIZE KAT OU NAN MAGAZEN

- Anvan w achte, tcheke dènye resi ou a pou wè ki kantite lajan ki gen nan kont ou, oswa rele gratis **1-888-328-6399** oswa kreye yon kont sou entènèt epi tcheke balans ou nan www.ebtEDGE.com.
- Pifò magazen manje aksepte kat EBT a. Si w pa wè logo Quest®, yo ka toujou aksepte kat ou a. Tcheke avèk magazen an anvan ou achte.
 - Nan moman w ap peye a, ou menm oswa kesye a ap pase kat ou a nan aparèy la.
 - Swiv enstriksyon ki sou aparèy la pou w antre PIN ou. Sèlman ou menm ki dwe antre PIN ou.
 - Kesye a oswa aparèy la ap ba ou montan acha a. Ou ka antre montan an tou ou menm.
 - Toujou tcheke resi w la pou asire ke kantite lajan ki sou acha EBT a se menm ak resi makèt la.
 - Si ou oblige fè antre “**detay**” kat ou a paske li pa rive “**pase**” nan aparèy kat la pou yon tranzaksyon paske kat la andomaje, ou dwe kontakte Sèvis Kliyan EBT (**1-888-328-6399**) epi rapòte kat la kòm andomaje. Ou ka mande tou yon kat ranplasman pa lapòs pandan apèl la oswa kontakte biwo distrik lokal ou an.

TCHEKE SNAP ou ak/oswa BALANS KONT LAJAN KACH YO

Tcheke **balans** ou anvan w achte oswa retire lajan!

Ou kapab chèche konn balans ou **GRATIS**:

- Lè w rele nimewo gratis Liy Èd EBT a nan 1-888-328-6399 oswa tcheke sou entènèt la nan www.ebtEDGE.com.
- Nan magazen manje pou tcheke kont manje ou.
- Nan ATM pou tcheke kont lajan kach ou kote yo aksepte kat EBT.

ACHA AVÈK SNAP

- Sèvi ak kont avantaj SNAP ou pou achte manje. Ou pa ka jwenn lajan kach an retou nan kont SNAP ou.
- Sonje byen, ou ka achte sèlman manje yo otorize avèk avantaj SNAP ou yo.
- Tout tranzaksyon avantaj SNAP yo gratis. Pa gen limit nan kantite fwa ou ka itilize kat ou pou tranzaksyon avantaj SNAP.

ACHA AVÈK LAJAN KACH

- Ou ka achte nenpòt atik apati kont avantaj lajan kach ou kote yo aksepte kat EBT.
- N ap fè w konnen sèten kalite biznis pa otorize pou yo kite w itilize avantaj lajan ki sou kat EBT ou pou achte bagay oswa retire lajan nan lokal yo. Restriksyon sa aplike si biznis lan sitiye nan New York, yon lòt eta oswa sou tè tribal yo.

Biznis yo pa otorize pou yo kite w itilize kat EBT ou a, epi ou pa ta dwe itilize kat EBT ou a nan:

- Magazen alkòl
- Magazen diven
- Sant byè/bwason
- Pis pou kouri
- Kazino
- Etablisman lotri videoyo
- Etablisman paryaj deyò pis
- Etablisman komèsyal bingo; ak
- Kote ki ofri amizman pou granmoun kote pèfòmè yo retire rad yo oswa pèfòme san rad

RETRÈ LAJAN

- Gen kèk magazen ki pral pèmèt ou resevwa lajan kach pi wo pase pri acha w la.
- Gen kèk magazen ki pral pèmèt retire lajan kach san ou pa achte.
- Ou dwe swiv règleman magazen an konsènan montan akseptab pou lajan kach an retou oswa retrè.
- Si w itilize kont SNAP ou ak kont lajan kach ou pou fè acha w yo, w ap oblige pase kat ou epi antre PIN w pou w debite chak kont.

KIJAN POU ITILIZE KAT AVANTAJ OU NAN YON GICHÈ OTOMATIK (ATM)

- Chwazi yon ATM nan yon kote ou santi ou an sekirite.
- Toujou swiv enstriksyon yo sou ATM la.
- Mete kat ou nan aparèy la.
 - Pa janm kite pèsonn wè ou k ap antre PIN ou.
 - Ekri PIN ou.
 - Peze Retrè (Withdrawal).
 - Peze Verifikasyon (Checking).
 - Antre montan ou vle a.
 - Pran lajan kach ou, kat ou ak resi ou pou w konnen konbyen lajan w rete nan kont ou.
 - Tcheke resi a pou asire w ke kantite lajan kach ou te resevwa a enprime sou resi a.

AVÈTISMAN: GEN KÈK LOKAL ATM KI CHAJE 1.00 DOLA OSWA PLIS POU RETRÈ LAJAN KACH. CHÈCHE YON MESAJ SOU ATM NAN KI BAY ENFÒMASYON SOU FRÈ ANPLIS LA ANVAN OU RETIRE LAJAN KACH. OU KA ANILE TRANZAKSYON AN POU EVITE PEYE YON FRÈ ANPLIS.

- Fanmi an kounye a gen kapasite pou vewouye kat EBT yo a, sa ki anpeche yo jwenn aksè nan avantaj lajan kach Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP) yo oswa Asistans Tanporè (TA) a oswa avantaj Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (HEAP) te bay kòm lajan kach pou yo fanmi. Mèt kat yo dwe devewouye kat ki vewouye a pou yo ka achte nan itilize SNAP oswa avantaj lajan kach yo.
- Fanmi yo ka kreye yon kont mèt kay FIS sou entènèt, epi si yo vle, telechaje aplikasyon mobil FIS la, pou yo ka itilize opsyon vewouye kat la.

VÒL IDANTITE – PWOTEJE AVANTAJ EBT OU YO

Si yon moun rele w, pa bay yo enfòmasyon pèsonèl ou tankou nimewo sekirite sosyal ou, nimewo kat EBT w oswa PIN EBT ou. Menm si moun ki rele a di li se yon travayè ajans lokal, yon responsab onivo Eta, Federal oswa EBT, pa ba yo enfòmasyon pèsonèl ou.

Si ou sispèk oswa konnen:

- Kat oswa nimewo kat ou a te pèdi oswa yo vòlè li;
- Yon moun ou pa otorize te jwenn aksè nan kat ou oswa nimewo kat ou ak PIN ou; oswa
- Yon moun te jwenn enfòmasyon sou idantite w ki ka lakòz yo vòlè avantaj ou yo.

Apres sa, swiv twa (3) etap sa yo:

1. Ou dwe san pèdi tan kontakte Sèvis Kliyan EBT (**1-888-328-6399**) oswa sou Entènèt nan www.ebtEDGE.com pou rapòte yo vòlè kat EBT ou oswa ou pèdi li. Se sèlman lè w kontakte Sèvis Kliyan EBT an premye pou dezaktive kat EBT w la ke ou ka pwoteje tèt ou kont potansyèl vòlè avantaj yo. Sèvis Kliyan EBT a ap dezaktive kat ou a pou okenn lòt moun pa ka sèvi ak li. Ou kapab mande tou pou yo voye yon nouvo kat ranplasman ba ou pa lapòs nan moman sa a.
2. Kontakte travayè ajans lokal ou a pou rapòte pwoblèm nan epi mande sa yo rele Restriksyon EBT ARU PIN. Ou menm, antanke detantè kat la, ap bezwen siyen yon fòm pèmisyon nan ajans lokal ou a oswa nan sant asistans ou a pou yo ka itilize pwosedi sa a. Sa a se yon pwosedi ke ajans lokal ou a ka itilize pou rann li enposib chanje PIN ou nan telefòn atravè liy èd Sèvis Kliyan EBT a oswa atravè sit entènèt Kont Detantè Kat Entènèt la. Yon fwa pwosedi sa a fin fèt, nenpòt chanjman PIN ta dwe fèt pa ou menm, avèk kat ou nan men w, nan ajans lokal la oswa nan sant asistans lan. Travayè ajans ou an kapab retire restriksyon sa a tou sou demann ou.
3. Si ou pa te mande yon kat ranplasman lè ou te rele Sèvis Kliyan EBT pou rapòte kat ou te pèdi, vòlè oswa andomaje, kontakte travayè w la epi mande pou yo ba w yon nouvo kat. Yo rekòmande pou w chwazi yon nouvo PIN pou nouvo kat ou a nan ajans lan oswa nan sant asistans lan.

SITWÈB KONT DETANTÈ KAT LA

Kounye a ou ka jwenn enfòmasyon sou kont ou (yo) sou entènèt lè w ale nan www.ebtEDGE.com. Sitwèb la pèmèt ou kreye tou pwòp ID kont ou ak modpas apre ou fin konekte pou premye fwa. Ou ta dwe sèvi ak dènye nimewo kat aktif ou a, PIN kat ou a ak Kòd Postal ou a pou kreye kont ou. Reprezantan otorize yo kapab itilize sitwèb sa a tou pou jwenn aksè a enfòmasyon sou kont yo lè yo itilize pwòp kat EBT yo, PIN pou kat yo ak Kòd Postal ki pou kliyan an. Yon fwa ou konekte ak nimewo kat ou a, PIN ak Kòd Postal la, ou pral kapab fè bagay sa yo:

- Jwenn bilan kont ou (balans kont lan).
- Jwenn detay aktivite (tranzaksyon) kont ou (yo).
- Jwenn yon bilan kont lan sou entènèt.
- Chanje PIN ou (sof si ou gen yon restriksyon PIN ki aktif).
- Fè konnen kat ou andomaje, pèdi oswa yo vòlè li.

AVANTAJ YO ELIMINE

Yon avantaj yo elimine se yon avantaj yo **retire** nan yon kont lajan kach oswa SNAP. Nan pwogram avantaj lajan kach la, si ou pa itilize kont ou a pandan yon peryòd 90 jou youn dèyè lòt, nenpòt avantaj SNAP ki rete nan kont lan ki gen omwen 90 jou pral efase (elimine) nan kont lan. Ou ka mande travayè w la pou emèt ankò sèlman avantaj lajan kach eliminé ke w kalifye pou li a. Nan pwogram avantaj SNAP la, si ou pa itilize kont SNAP ou a pandan yon peryòd 274 jou youn dèyè lòt, nenpòt avantaj SNAP ki rete nan kont lan ki gen omwen 274 jou pral efase (elimine) nan kont lan. Avantaj SNAP ke yo elimine yo pa kapab emèt ankò.

ERÈ NAN TRANZAKSYON EBT

Pafwa, yon erè nan **sistèm** EBT a rive pandan yon tranzaksyon lajan kach oswa SNAP ki lakòz yon erè fèt nan balans kont lan. Kèk ekzanz erè nan tranzaksyon sistèm EBT a se:

- Si ou te fè yon acha SNAP, epi yo te chaje kont SNAP ou a de fwa pou menm acha a pa erè; oswa si yon ATM te ba ou 20 dola sèlman lè ou te mande 40 dola, men yo te toujou chaje kont lajan kach ou a 40 dola. Si ou panse yon erè **sistèm** (pa administratif oswa imen) te diminye kont ou yon pa erè, ou ka pote plent pou yon ajisteman kont nan Sèvis Kliyan EBT a. Ou gen 90 jou apati dat erè tranzaksyon ou te sispèk la pou w depoze yon reklamasyon.
- Reklamasyon kont SNAP yo jeneralman rezoud nan 15 jou.
- Reklamasyon kont lajan kach yo ka pran jiska 30 jou pou yo rezoud.

- Sèvis Kliyan EBT a ap ba w yon nimewo reklamasyon ou ka itilize pou tcheke estati reklamasyon w lan.

Pandan w ap tann reklamasyon w lan rezoud, ajans oswa sant asistans lokal ou an pa kapab ranplase kantite lajan w ap reklame a. Si ou gen yon ijans oswa bezwen imeda, ou ka kontakte ajans oswa sant asistans lokal ou an konsènan bezwen sa a.

LÈ POU W KONTAKTE SÈVIS KLIYAN

Rele Gratis **1-888-328-6399**

oswa

Sou entènèt www.ebtEDGE.com

24 èdtan/7 jou nan yon semèn

Se yon sistèm otomatize k ap reponn apèl ou. L ap gide w nan opsyon meni yo pou ede w dirije apèl ou a. **Rele si:**

- Ou bezwen balans SNAP oswa lajan kach ou.
- Ou gen kesyon oswa pwoblèm avèk enfòmasyon SNAP oswa lajan kach ou.
- Si kat ou a pèdi, yo vòlè l oswa li andomaje.
- Ou sispek te gen erè nan yon tranzaksyon epi ou ta vle depoze yon reklamasyon.
- Ou bezwen enfòmasyon sou itilizasyon kat avantaj oswa PIN ou.

Moun ki gen andikap yo ka itilize nimewo sa yo pou asistans:

Itilizatè TTY: 1-800-662-1220

Itilizatè ki pa TTY: 1-800-421-1220

Itilizatè VCO: 1-877-826-6977

SE LALWA

Move itilizasyon oswa abi kat ou a pral lakòz otorite Eta ak/oswa Federal yo mennen ankèt. Vyolasyon ki dokimante yo ap lakòz sanksyon tankou:

- Diskalifikasyon nan pwogram nan
- Rekovreman atravè rekiperasyon/restitisyon
- Referans pou pouswit kriminèl

Se yon krim si w komèt fwòd nan sistèm nan oswa mal itilize kat ou a.

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik sou dwa sivil Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA), enstitisyon sa a gen entèdiksyon pou l fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, kote w soti, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, difisil pou tande oswa ki gen pwoblèm pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, moun k ap pote plent lan ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027. Ou kapab jwenn yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou entènèt nan:

<https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe gen ladan non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè pou Dwa Sivil (ASCR) la sou ki kalite pwoblèm li ye ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm AD-3027 oswa lèt ki ranpli a bay USDA atravè:

lapòs: Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa

faks: (838) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
imèl: FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.